Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 8 (6944) 24 февраль 2025 с. Итни ШагIбан 1446 с. Багьа - эркенаб



**ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО**

## Гъалип Гъалипов: «Фашистазда дандечIеялъулъ бахIарчилъи бихьизабуна нилъер умумуз, неофашистазда данде бихьинчиго къеркьолел руго СВОялъул гIахьалчагIи»

### ВатIан цIунулезул къо кIодо гьабуна

**ВатIан цIунулезул къоялъул, КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 80 сон тIубаялъул, Афгъанистаналдаса советиял аскарал нахъе рачаралдаса 36 сон иналъул хIурматалда Бакълъул мухъалда ВатIан бокьиялъул тадбирал тIоритIана.**

Гьедин, муниципалиталъул бетIер Гъалип Гъалипов, гьесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиев, МухтарахIмад АхIмадов, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи, афгъаниял, районалда ругел федералиял, регионалиял ва бакIалъулал идарабазул вакилзаби СВОялдаса тIадруссинчIезул хIурматалда бараб ракIалдещвеялъул ахикье щвана.

РакIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъул бахIарзалги. Гьезул хIурматалда бараб памятникалда цере лъуна тIугьдузул горал. Администрациялъул дандеруссиназул кIалкIадухъ рохалилаб данделъи гIуцIана. Тадбиралъул байбихьуда киналго ралагьана ДРялъул мустахIикъав хIалтIухъан, бакълъулазул маданияталъул, библиотекабазулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Набигула АхIмадибировас хIадур гьабураб «Патриоты Гумбета» абураб фильмалъухъ.



(Ахир - кIиабилеб гьум.)

**НОМЕРАЛДА РУГО:**



СВОялъул бахIарчиясул эмен Дибир Мурадовасухъе щвана

- 2 гьум.



«КIвар бугелда тIасан харбал»

- 2 гьум.



Алмасхан ГIабдулвахIидов ва Шамил МухIамадбакиров – дзюдоялъул рахъалъ ДРялъул чемпионал

- 2- гьум.



Рапият УхIумагIалиева: «Гьарула СВОялъул рагъухъабазе халатаб гIумру, тушманасул макруялдаса цIуни ва бергьенлъигун тIадруссин»

-2- гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТIАЛАБАЗДА

## СВОялъул бахIарчиясул эмен Дибир Мурадовасухъе щвана

### Сахлъи щулалъаги

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалипов щвана А. В. Вишневскиясул цIаралда бугеб Республикаялъулаб больницаялда вегун вугев СВОялдаса тIадвуссинчIев Бихьинчилъиялъулаб орденалъе мустахIикълъарав гьитIинав сержант Къурбан Мурадовасул эмен Дибир Мурадовасухъе.

Муниципалитеталъул бетIерас баян гьабуна бахIарчиясул инсуе ва хъизанагьлуялъе бажарараб кумек гьабизе букIиналъул. «Гьарула Дибирие щулияб сахлъи, мурадал тIурай. Спецоперациялъул рагъухъабазул хъизамазул тIалабал тIоцересел иргаялда тIураялде кIвар буссинабун буго районалъул вакилзабаз», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.



**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## «КIвар бугелда тIасан харбал»

### Школазда – тарих цIуниялъул тадбирал

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул гIахьаллъигун ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалда «КIвар бугелда тIасан харбал» абураб федералияб проекталда рекъон тадбир тIобитIана.**

ЦIалул идараялъул вакилзабаз хIадур гьабун бугоан кIудияб программа: ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъда рукIарал лъугьа-бахъинал, бицана СВОялъул рагъухъабаз Россиялъул тIалабал цIуниялъул, бахIарчиго тIадаб налъи борхарал росуцоязда хурхун баянал гьаруна.



Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас баркала загьир гьабуна школалъул администрациялъе, цIалдохъабазе тарих цIуниялде буссинабун бугеб кIваралъухъ, ВатIалдехун лъикIаб бербалагьи бижизабулеб хIалтIи гIуцIаралъухъ.

Тарих бихьизабулеб художествияб программа хIадур гьабун букIана 7-леб классалъул нухмалъулей, тарихалъул ва обществознаниялъул мугIалим ГIайшат Гъайирбеговалъ.

Тадбиралъул гьалбаллъун гьединго рукIана бакълъулазул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, «Гумбет» медиагруппаялъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов, «Село Чирката» АСПялъул бетIер МухIамадрасул МухIамадов, районалъул нухмалъулесда цебе бугеб жамгIияб палатаялъул гIахьалчи АхIмад Каримов, цIилкьадерил бегавул МухIамадгIарип ГIубайдулаев ва цогидал.



Цебе рехсараб проекталда рекъон тадбир тIобитIана МелъелтIа росдал гьоркьохъеб школалдаги. Гьенив гIахьаллъана муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиев, районалъул прокурор Юсуп ГIалиев, лъайкьеялъул управлениялъул вакилзаби ва цогидал.

Игьелдерил гьоркьохъеб школалдаги тIобитIана «КIвар бугелда тIасан харбал» абураб проекталда рекъон данделъи. ГIуцIана рагьарал дарсал, къабул гьаруна администрациялъул вакилзаби.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

СПОРТ ВА БАКЪЛЪУЛАЛ

## Алмасхан ГIабдулвахIидов ва Шамил МухIамадбакиров – дзюдоялъул рахъалъ ДРялъул чемпионал

### Бергьенлъаби цIикIкIаги

**Бакълъул районалда бугеб Россиялъул ОМВДялъул хIалтIухъабаз гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул дзюдоялъул рахъалъ чемпионаталда. Спортивиял къецазулъ бакълъулаз лъикIал хIасилал рихьизаруна.**

Гьедин, тIоцересел бакIалги росун, Дагъистаналъул дзюдоялъул рахъалъ чемпионаллъун рахъана Алмасхан ГIабдулвахIидов (66 кг щвезегIан) ва Шамил МухIамадбакиров (100 кг щвезегIан).

Къецазул хIасилалда гьединго 66 кг рахинчIезда гьоркьов лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Муса Забидов. Гьединго Бакълъул районалда бугеб РФялъул ОМВДялъул командаялъе 2024-абилеб соналъ тIоритIарал къецазул хIасилалда 3-леб бакI щвана.

Бакълъул районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас ОМВДялъул вакилзабазда баркана чемпионаталда лъикIал хIасилал рихьизари, гьарана нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби.

**Макка МухIамадова**

## Гъалип Гъалипов: «Фашистазда дандечIеялъулъ бахIарчилъи бихьизабуна нилъер умумуз, неофашистазда данде бихьинчиго къеркьолел руго СВОялъул гIахьалчагIи»

**(Байбихьи- тIоцебесеб гьум.)**

Баркиялъулаб кIалъай гьабулаго, районалъул нухмалъулес баян гьабуна Россия, Дагъистан ва гIагараб Бакълъул ракь цIуниялъулъ районалъул вакилзабаз лъолеб къиматаб бутIаялъул. «Бакълъулаз кидаго хIаракат бахъана тIадаб борч къиматаб даражаялда борхизе. Фашистазда дандечIеялъулъ бахIарчилъи бихьизабуна нилъер умумуз, неофашистазда данде бихьинчиго рагъулел руго СВОялъул гIахьалчагIи.

Баркула киназдаго КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 80 сон ин, бергьенлъигун тIадруссаги хасаб рагъулаб оперциялъул рагъухъаби. ВатIан цIунулезе гьарула щулияб сахлъигун халатаб гIумру, сундулъго битIккей. Пачалихалъул тIалаб цIунулаго нилъедаса ратIалъарал даим рекIелъ хутIила», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Ракьцоязда гьединго байрам баркун кIалъазе рахъана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, муниципалитеталъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комитеталъул нухмалъулев Салман Сурхаев, СВОялъул гIахьалчи, «МугIрузул ракIалдещвей» ДРООялъул Бакълъул мухъалда бугеб жамгIияб идараялъул нухмалъулев МухIамадгIали ХIажимухIамадов, районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева, СВОялъул гIахьалчи Мамаш Нуцалханов ва цогидал.

ВатIан бокьиялда хурхарал художествиял церерахъинал рихьизаруна МелъелтIа гьоркьохъеб, аслияб, ЛъаратIа гьоркьохъеб школазул цIалдохъабаз. «Дир дада – бахIарчи» абураб кечI цIалана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 3 «б» классалъул цIалдохъан, жиндиего бокьун СВОялде арав Расул МухIамадовасул яс Хадижат МухIамадовалъ. ВатIан цIунулезда хурхарал асарал цIалана цогидал лъималазги.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

## Рапият УхIумагIалиева: «Гьарула СВОялъул рагъухъабазе халатаб гIумру, тушманасул макруялдаса цIуни ва бергьенлъигун тIадруссин»

### Сахаватал – жамгIияталъул бечелъи

Муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялде гъорлъе кколеб гIолилазул палатаялъул гIахьалчагIаз спецоперациялъул рагъухъабазе кумек гьабуна. Гьедин, гьез бакIарараб гIарац кьуна СВОялъул мухъалде хинаб ретIел букъун битIулей «Нилъеразе ретIел букъулеб буго» абураб ТIолгороссиялъулаб акция ДРялда нухдаинабурай Умижат ХириясулмухIамадовалъухъе.



«Щибаб къойил Умижат Иманшапиевналъ ва гьелъул командаялъ букъула хинаб ретIел спецоперациялъул рагъухъабазе. Бакълъул районалъул гIолилазул палатаялъул къокъаялдаги ракIалде ккана бажарараб кумек гьабизе нилъер солдатазе.

Нижер щивас гьарула СВОялъул рагъухъабазе халатаб гIумру, тушманасул макруялдаса цIуни ва бергьенлъигун тIадруссин»,- ян абуна районалъул гIолилазул палатаялъул нухмалъулей Рапият УхIумагIалиевалъ.

Абизе ккола хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъ, гьелда цебе бугеб гIолилазул палатаялъ гьоркьоса къотIичIого битIана СВОялъул мухъалде гуманитарияб кумек.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав
№ 8 24 февраль 2025 с.

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Игалинский”» Гумбетовского района

**Решение № 37**

**от « 28 » декабря 2024 г.** **«Село Игали»**

1. Утвердить бюджет МО сельского поселения «Сельсовет «Игалинский» на 2025 год в размере 6976,7 тыс. рублей и плановый период на 2026 год в размере 5647,9 тыс. рублей, на 2027 год в размере 5665,3 тыс. рублей.

**а) Доходы:** **2025 г.** **2026 г.** **2027 г.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дотация | 6224,0 | 4854,8 | 4854,8 |
| В т. ч. | | | |
| Субвенция | 414,7 | 455,1 | 472,5 |
| Собственные доходы | 338,0 | 338,0 | 338,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 124,0 | 124,0 | 124,0 |
| Земельный налог | 120,0 | 120,0 | 120,0 |
| Имущественный налог | 94,0 | 94,0 | 94,0 |
| ИТОГО: | 6976,7 | 5647,1 | 5665,3 |

**б) расходы по учреждениям:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 3236,0 | 2735,0 | 2735,0 |
| МКУК • | 2920,0 | 2298,0 | 2298,0 |
| ВУС | 414,7 | 455,1 | 472,5 |
| ЖКХ (благоустройство) | 406 | 159,8 | 159,8 |
| Ф/К и спорт | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| Молодежная политика | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| Резервный фонд | 0,0 /Х\Г,л л 1 О | 0,0 | 0,0 |
| ИТОГО: | 6976,7 | [М\ 5647,9 •,б | 5665,3 |

**Председатель сельского Собрания**
**К. М. Казанбиев**

ДОКУМЕНТЫ

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» Гумбетовского района

**Решение № 8**

**от « 31 » декабря 2024 г.** **«Село Арадирих»**

1. Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» на 2025 год в размере 3231,3 тыс. рублей и плановый период на 2026 год в размере 2601 ,7тыс. рублей, на 2027 год в размере 2610 ,6тыс. рублей.

**а) Доходы:** **2025 г.** **2026 г.** **2027 г.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2940,6 | 2293,7 | 2293,7 |
| Субвенция | 206,7 | 224,0 | 232,9 |
| Собственные доходы | 84,0 | 84,0 | 84,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 44,0 | 44,0 | 44,0 |
| Земельный налог | 21,0 | 21,0 | 21,0 |
| Имущественный | 19,0 | 19,0 | 19,0 |
| ИТОГО: | 3231,3 | 2601,7 | 2610,6 |

**б) Расходы по учреждениям:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1870,6 | 1358,7 | 1358,7 |
| б) | МКУК | 882,0 | 815,0 | 815,0 |
| в) | ВУС | 206,7 | 224,0 | 232,9 |
| г) | Доплата к пенсии | 84,0 | 81,0 | 81,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 0,0 | 26,0 | 26,0 |
| ж) | Молодежная политика | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 188,0 | 97.0 | 97.0 |
| | ИТОГО: | 3231,3 | 2601,7 | 2610,6 |

**Председатель сельского Собрания Г. М. Алигаджиев.**
**Секретарь Собрания М. А. Абдухалимов**

## В Цилитлинской СОШ провели беседу об ответственности за правонарушения

**Инспектор по делам несовершеннолетних отделения ОМВД РФ по Гумбетовскому району младший лейтенант Муртазали Магомедов и ответственный по взаимодействию со СМИ полиции Омар Дарбишухумаев посетили Цилитлинскую СОШ и провели среди учащихся 7-11 класса профилактическую беседу об ответственности за правонарушения**.



В рамках мероприятия Муртазали Магомедов рассказал об ответственности за совершение таких преступлений, как кража, грабеж, вымогательство, причинение телесных повреждений. Школьникам разъяснили, с каких лет наступает уголовная ответственность и какие наказания применяются за совершение преступлений, а также о важности соблюдения правил поведения на улице, в общественных местах, местах массового отдыха. Также им поведали о правилах поведения в школе, о значимости проявления уважительного отношения к учителям, взрослым и сверстникам, о мерах безопасности при общении в социальных сетях. Помимо этого, учащимся напомнили о вреде употребления спиртных напитков и табака, курительных смесей, психотропных и токсичных веществ. Мероприятие было организовано в целях профилактики правонарушений и преступлений среди несовершеннолетних, пропаганды здорового образа жизни и формирования грамотного и ответственного отношения к своему здоровью.



## Долги в холод не согреют! Не прячьтесь от своих обязательств!

**Чтобы не остаться без тепла и комфорта необходимо до 10 февраля погасить задолженность и в дальнейшем вовремя оплачивать за газ, не нарушая платежную дисциплину и не накапливая долги.**

В январе поставщиком газа было направлено абонентам на электронные почты более 60 тысяч электронных уведомлений на оплату за потребленный газ. Электронная квитанция – это полноценный платежный документ, который содержит информацию о задолженности абонента за газ. Если вы проигнорировали электронную либо бумажную квитанцию от «Газпром межрегионгаз Махачкала» за этот или предыдущие месяцы, то вы рискуете получить уведомление об отключении газа.

Многие уже знают, чтобы оплатить за газ не нужно тратить время на очереди у кассы и проезд к абонентскому участку. Все платежные операции за газ можно сделать дома, потому что «Личный кабинет абонента» (прямая ссылка на него https://мойгаз.смородина.онлайн/login ) предлагает широкий спектр современных опций. В личном кабинете можно передать показания счетчика, узнать дату его поверки, сверить все свои платежи за газ за предыдущие годы. И главное, в личном кабинете можно оплатить за газ буквально за минуту. Те же функции и у мобильных приложений «Газ Онлайн» и «Мой Газ», которые можно скачать на телефон и все расчеты за газ будут всегда под рукой. Каждый четвертый дагестанский потребитель газа уже использует возможности дистанционной оплаты за газ.

Важно! Если у потребителя газа возникли сомнения по поводу учета газа в доме или квартире, а также есть вопросы по накопившейся задолженности и необходимо разобраться, то можно обратиться в «Контакт-центр» по бесплатному многоканальному номеру 8-800-200-98-04 либо не откладывая посетить абонентский участок по месту жительства.

ЦIАЛДОЛЕЗУЛ КАГЪТАЛ

## Ункъого сон бана, бергьенлъи босун

Исана ункъого сон гургинлъана,
ВатIанияб рагъда бергьенлъи босун,
Амма рекIелъ руго кидаго даим
Нилъер бахIарзазул хIакъал гьунарал.

Замана букIана ракъи-къеч бугеб,
Къоял тIамизеги захIмалъи бугеб,
Кибго кваналеб жо рагъде битIулеб,
Руччабазде тIаде дунял бегараб.

Къаси-къад чIечIого хурирги хIалтIун,
ГIи-боцIцIул щварабги данде бакIарун,
Кинабго букIана рагъде битIулеб,
Вацал, васал, россал ракъиларедухъ.

РачIунел рукIана иргадал кагътал,
Цоял рохалилал, цойгидал кьогIал,
ЛъаббокIонаб конверт кодобеги кьун,
Почтальон унаан бералги рахчун.

Бесдалал хутIана, улбул гIодана,
Къороллъи баччана гIемер руччабаз,
Бакъулаб дуниял нилъей гвангъизе
Би гIодобе тIуна гIолил васаца.

Жакъа къоялдаги Украиналда,
Нилъер васал руго боркьараб рагъда,
Квачараб, биччараб доб хандакъалъур,
Рогьунел руго гьез хасалил сардал.

КIвараб хIалалъ гьезий кумек гьабулел,
Кирго руго нилъер хIаракатчагIи,
Гьоркьоб къотIи гьечIеб кумекалдалъун
БитIула Гумбеталъ къваригIанщинаб.

Гьалип Гьалиповас буюрухъги кьун,
МухIамадрасулил кверщалида гьоркь,
ЦIадул нухаздасан, хIинкъи гьечIого
Рагъухъабазухъе щвезабула гьеб.

Росулъ гIезарурал гIачиги хьвехъун
Бакъвараб гьан лъола ящикIахъ жаниб,
Хасало квачалъул унти цIунизе
Хинал юргъабазул цIола машина.

Хал гьабе, МухIамадрасулил гьунар,
АнцIила щуго нух, цIадулъан унев,
Рагъухъабазухъе квен-тIехги босун,
ЦIалдохъабаз хъварал кагъталги росун.

Районалда бугеб женсоветалъул
Буго кIудиябго гьениб гIахьаллъи,
Къаси кьижичIого бакIарула гьез
Украинаялде хIажатабщинаб.

Гьалиповгун цадахъ къокъаги гIуцIцIун,
КъойилгIадин щола бахIарзазухъе,
Гьезул рокъор ругел хьизабазухъе,
Гьикъула къварилъи, гьабула кумек.

Районалъул бетIер лъикIав вугони,
Лъола киназульго цоцазде рокьи,
Адаб-хIурматалъул хIуби вугони,
ХIалае рачIуна гьудул-гьалмагълъи.

Гумбет районалъул бахIарзазда гьорлъ
Килалъаги руго церехун арал,
Рагъухъан, Шапиев ХIажимухIамад,
Абубакар вуго Исламалиев.

Байбихьудасанго ХIажимухIамад,
Украинаялда, рагъул байдабахъ,
ЦохIо вугев жиндир вас, ХIисматулагь,
Гьев кодов восизе заман щвечIого.

Абубакарица хIаракат бахъун,
ЦIадулъан рахъана цадахъ рукIарал,
Живго лъукъун вукIин хIисаб гьабичIо,
АнцIила щуявго цIана къватIиве.

Районалъул бетIер Гьалип Гьалипов,
Гьесул гIаданлъиялъ буго кинабго,
Больницаялде ун, тIалабал гьарун,
Кколел шапакъатал кьола гьезие.

Нилъер бихьиназда тIадаблъун ккола,
ВатIаналъ тIад лъураб налъи тIубазе,
Ккараб къо борхизе, хъизан цIунизе,
Рижараб росу-ракь щулаго ккvезе.

Исанасеб гьаб сон кIодо гьабеян
Путиница нилъей бихьизабураб,
ВатIан цIунулезул къимат гьабеян
Къуватаб буюрухъ нилъее кьураб.

ЦIунила нилъеца щулаго ватIан,
Щваралъусан гьезий гьабила кумек,
Бергьенлъиялдаса хьул къотIиларо,
ДандчIвала бахIарзал, рохелгун цадахъ.

**Нуцалай Килалъа**

## Муниципальное образование «Сельсовет “Игалинский”» Муниципальный район «Гумбетовский район»

«31» январь 2025 г. **ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 02** с. Игали

**В соответствии с пунктом 1 статьи 70.1, пунктом 2 статьи 49 Земельного кодекса Российской Федерации, пунктом 15 части 1 статьи 15 Федерального закона от 06.10.2003 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Устава СП «Сельсовет «Игалинский» , с учетом перспективы обеспечения условий для развития на территории муниципального образования СП «Сельсовет «Игалинский» , физической культуры, массового спорта и благоустройства, а также для строительства общественных объектов , администрация СП «Сельсовет «Игалинский» Гумбетовского района**

ПОСТАНОВЛЯЮ:

1. Зарезервировать для муниципальных нужд земельный участок, с кадастровым номером 05:25:000002:ЗУ и земельный участок с кадастровым номером 05:25:000035:726 общей площадью-34000 кв.м., категория земель: земли населенных пунктов и земли сельскохозяйственного назначения расположенные в границах СП «Сельсовет «Игалинский» (согласно прилагаемой схеме Приложение № 1);
2. Утвердить схему расположения резервируемого земельного участка для муниципальных нужд, расположенного в границах СП «Сельсовет «Игалинский» (согласно прилагаемой схеме — Приложение № 1);
3. С момента принятия настоящего Постановления запретить отвод земельных участков в зоне резервируемой территории.
4. Срок резервирования земель составляет три года с момента вступления в силу настоящего Постановления.
5. Заинтересованные лица могут ознакомиться со схемой расположения земельного участка резервируемого для муниципальных нужд в АСП «Сельсовет «Игалинский», расположенного в по адресу: РД , Гумбетовский район с.Игали ул.Озерная 5, 2 этаж, в рабочие дни с 08.00 ч. до 17.00 ч., перерыв на обед с 12.00 ч. до 13.00 ч. или на официальном сайте Администрации СП «Сельсовет «Игалинский».
6. Настоящее Постановление вступает в силу с момента опубликования в газете «Гумбет».
7. Контроль за исполнением настоящего Постановления оставляю за собой.

**Глава администрации села Игали**
**А. Г. Сулайманов**

## Осторожно: угарный газ!

**Согласно данным статистики на пожарах 76 процентов смертей происходит в результате отравления продуктами горения, в том числе и угарным газом (СО). К сожалению, нередки случаи гибели людей от отравления угарным газом и в бытовых домашних условиях без возникновения пожара.**

Примером являются всем известные случаи отравления людей: в бане по причине преждевременного закрытия печных заслонок с еще несгоревшими до конца дровами; при непрерывной эксплуатации газовых горелок в непроветриваемом помещении; в гараже при работе двигателя автомобиля.

Угарный газ СО – продукт неполного сгорания, и он способен появиться в любом месте, для этого до-статочно наличие любого процесса горения.

Условием для его образования является недостаток кислорода в зоне горения.

Допустим, при отсутствии тяги в печи угли продолжают тлеть, угарный газ не сгорает и распространя-ется по помещению.

Самое страшное свойство угарного газа заключается в том, что она абсолютно не имеет цвета и запаха, и отравление происходит незаметно. Характерные симптомы отравления происходит незаметно. Также харак-терные симптомы могут пройти скрытно. Попадая через легкие в кровь, угарный газ воздействует на клетки гемоглобина, лишая их возможности нести по организму человека кислород. И чем дольше человек дышит угарным газом, тем меньше кислорода получает организм.

Тяжесть отравления угарным газом зависит от его концентрации в воздухе и длительности воздействия на ор-ганизм. В случае легкого отравления взрослый чувствует головную боль, удушье, при концентрации СО, воз-никает паралич и потеря сознания. Ребенок не может отравиться и при сравнительно небольшой концентра-ции окиси углерода, когда взрослый чувствует незначительное недомогание. Если своевременно не оказать помощь, то данные лишь отравления заканчиваются либо смертельным исходом, либо инвалидностью Исклю-чить трагические последствия можно, если соблюдать меры безопасности. При эксплуатации отопительных печей и каминов проверять положение заслонок дымохода, своевременно устранять трещины в печах, чистить дымоход, следить за исправностью системы вентиляции в помещении.

**ОНД и ПР № 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по Республике Дагестан**


Бетlерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.